Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН

№ 36 (7385)
22 Август 2019 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Собраниялъул иргадулаб гуреб заседание



I5 августалда тІобитІана районалъул иргадулаб гуреб заседание. Гьенир гІахьаллъана районалъул бетІер ГІ. НурмухІамадов, прокурор Х1. Хайчилаев, Собраниялъул депутатал.

Къойил темаялде росун рукІана:

I. «Унсоколо район» муниципалияб районалъул контролиябгун счетнияб палатаялъул председатель вищи.

2. «Унсоколо район» МОялъул Уставалда хиса-басиял ва тІадежураял гьариялъул хІакъалъулъ» депутатазул Собраниялъул проекталъулаб хІукму.

КІиябго суалалдасан кІалъана районалъул Собраниялъул председатель М. Юсупов.

3. РукІана депутатазул запросалги.

Районалъул контролиябгун счетнияб палатаялъул председатель вищиялъе лъун букІана кІиго кандидатура. Гьаркьал кьуна балъгояб гьаркьиеги лъун. Гьезул щивас бицана жидерго гІумроялъул нухалъул, хІалтІул хІалбихьиялъул, нагагь рищани, кІвар кьезе ругел суалазул. Гара-чІвариялъул къагІидаялъ кандидатазе кьуна суалалги.

Балъгояб гьаркьиеги лъун тІоритІарал рищиязда контролиябгун счетнияб палатаялде председательлъун вищана ЦІатІанихъ росулъа ГІамир Насрудинов.

Гьединго депутатазул запросалда рекъон сессиялда кІалъана Унсоколо росдал депутат Х. МухІамадова. Жиндирго кІалъаялда гьелъ бицана росдал цо-цо къватІал жагъаллъун ругин, чара гьечІого хІажат бугин гьезие хехаб ремонт гьабизе,-абун. Депутатазул запросалда рекъон лъел суалгун кІалъана ИштІибури росулъа М. ХІажиеваги.

Заседаниялда гьоркьор лъурал суалаздасан рекъон кколел хІукмабиги къабул гьаруна.

## ГІ. НурмухІамадов: «Нижедаги нужедаги бараб буго росабазул ахІвал-хІал»



20 августалда букІана администрациялъул аппаратальулаб совещание. Гьенир гІахьаллъана бетІерасул замал М. ХІамзатов, М. ХІасанова, кумекчи ГІ-ХІ. ГІумаров, отделазул начальникал, росабазул бутІрул.

Аслияб суаллъун данделъиялда букІана гьадинал росабазул школал, масала, ГІашилтІа, ЦІатІанихъ, Генуб Заманалъулаб поселокалъул. «I50 школал» программаялде гьоркьоре ккарал школазда цІалул соналде хІадурлъи унеб бугеб куцалъул. Гьел жиндир заманалда хІалтІизаризе кьезе ругин бихьизабуна данделъиялда.

Гьенибго бицана Рихьуни, ГІашилтІа, Генуб, Майданскиялда лъинал чІезариялъул, росабалъе унел нухазул бугеб хІалалъул. Гьел суалал рорхана ЖККХялъул специалист ХІ-М. ГІабдулаевас. ЕИСалъул нухмалъулев М. ХІайбулаевас тІадчІей гьабуна цифровияб телевидениялде рачІиналъул ишалда тІадчІей гьабулеб бугин, «Блогеразул сеталде гьоркьоре рачун ругин киналго росаби,-абун. Культураялъул рахъалъ гьаризе хІисабалде росарал хІалтІабазул бицана ГІ. ГІабдулаевас, бихьизабуна Россиялъул Байрахъалъулкъоялъгьаризеселтадбиразда тІад хІалтІулелругин, Хунзахъ районалъул юбилеялда цебе бахъине хІадурлъулеб бугин «Унцукуль» ансамбль.

Совещаниялда бетІерас тІадчІей гьабуна росдал магІишаталда, лъай кьеялда, культураялда гьаризесел хІалтІабазда, самоуправление пайда кьолеблъун лъугьинабиялда. Бихьизабуна «Нилъ хІалтІулел ругеб куцалда бараб бугин росабалъ берцинлъи ва санагІалъаби рукІин»,-абун.

## Балахьунире - хІалтІулаб сапаргун



Араб анкьалда Балахьуни росулъе хІалтІулаб сапар гьабуна ГІ. НурмухІамадовас. Аслияб мурад сапаралъул букІана росулъ балеб бугеб школалъул бугеб хІал лъазаби ва росдал ясли-ахикье щвей.

Школалда унел ругел хІалтІабазухъги балагьун, бакІал ралезул пикрабиги цІехон, ГІ. НурмухІамадовас бихьизабуна гьенир хІалтІаби жеги кутаклъизаризе, школа хІалтІизабизе кьеялъе кинабго гьабизе ккoлин.

ХІалтІабазул иналъулъ ругел гІунгутІаби къватІир чІвазаруна. Лъазабуна школа баялъул хІалтІи щиб гІиллаялъе гІоло чІун хутІун бугебали. Гьелъие хІажатабщинаб балагьизе бугин бихьизабуна.

Гьенирго дандчІвана росдал активгун. Гьениб гІолилазда гьоркьоб гара-чІвари гьабуна экстремизм-терроризмалъул суалалда хурхун.

Сахлъи цІуни

## ХІажаталдалъун хьезарулел руго

ГьабсагІаталда республикаялда гІемераб хІалтІи гьабулеб буго сахлъи цІуниялъул бакІал хІажатал оборудованияздалъун хье-заризялъе. Кинабниги гьезул къадар бахуна I43 ялде. Цебе ветеранасе госпиталь букІараб РКБ-2 больницаялъе 75 млн. гъурущалде оборудование босулеб буго. Гьелъул хІакъалъулъ Ибрагьим МухІамадовас лъазабулеб буго: «ЛъагІалил ахиралде щвезегІан босизе ва больницаялда лъезе буго I43 батІияб оборудование. Гьезда гъорлъ руго УЗИялъул аппаратура, кардиодиагностика, хирургиялъул отделениялъе инструментал, урологиялъе, гинекологиялъе хІажалъу-лебщинаб, рентген-оборудованиял, эндоскопал ва цогидабги»

## Бюджет тІубаялъул суалгун



Гьал къоязда В. Васильевасул нухмалъиялда гьоркь, республикаялъул власталъул органазул нухмалъулелги ахІун, гьоркьоб лъун рукІана гьаб соналъул 7 моцІалъул бюджет тІубаялъул бугеб хІал. Гьеб суалалда хурхун кІалъана Правительствалъул председателасул зам. ХІ-М. ХІусейнов. Гьес бихьизабуна: республикаялъул бюджеталде гьаб соналда бачІана 26,6 млд. гъур., гьенире гьоркьоре унаан налогал ва налогалъулал гурел доходал, МОязул I0,4 млд. гъур. КІалъазе вахъарас бихьизабуна арал саназде дандеккун налогалъулал ва налогалъулал гурел доходал 6 % цІикІкІанин.

ДагъистаналъулБетІерас тІадчІей гьабуна гьал къоязда республикаялде Россиялъул Минсельхозалъул специалистал рачІине ругинги.

**Ахихъан**

Районалъул газета

№ 36 (7385)

22 Август 2019 сон



Араб соналда РФялъул генералияв прокурорас Армениялъул, Белоруссиялъул, Казахстаналъул, Киргизиялъул ва Таджикистаналъул кIвар бугел гIадамалгун цадахъ гIолилазул конкурс тIобитIана «Вместе против коррупции» абураб рекламаялда . Гьелдаса хадуб гьезул сайталда бачIана 9 азарго плакат ва ролик коррупциялде данде чIарал. РФялда гьедин коррупциялде данде рахъарал гIахьалчагIазул къадар 7,5 азарго чиясде бахуна. Конкурсалъул гIахьалчагIазул къадар къойидаса къойиде цIикIкIунеб буго. Гьединал материалал ритIизе бегьула гьаб адресалда: **www.anticorruption.life**

## Халкъалъул хъвай-хъвагIай гьаби – кIвар бугеб иш



2020 соналда букIине бугеб халкъалъул хъвай-хъвагIай гьабиялде хIадурлъиялъул бицараб данделъи тIобитIана I5 августалда районалъул администрациялда. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, зам. М. ХIамзатов, аппараталъул нухмалъулей П. ГIалиева, статуправлениялъул нач. С. СагIадулаев, Унсоколо районалъул ОМВДялъул нач. С. ХIажиев, росабазул бутIрул ва цогидалги.

Данделъи рагьулаго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна гьеб суалалъул бугеб кIудияб кIваралъул. «Халкъазул хъай-хъвагIай гьабиялъ сундасаго цебе асар гьабула бюджеталъул киналго рахъазда»,-ян тIадчIей гьабуна гьес.

С. СагIадулаевас бихьизабухъе районалда унел руго гьеб кIвар бугеб ишалде рагIа-ракьанде щвараб хIадурлъи гьабиялъул хIалтIи. Гьеб ишалъулъ тасамахIлъи биччазе бегьуларин бихьизабуна гьес. С. СагIадулаевас ва ГI. НурмухIамадовас ахIана цадахъ рекъон гьеб хIалтIи жавабчилъиялда ва хIасил кьоледухъ гIуцIизе. Гьенибго М. ХIамзатовас бихьизабуна кIицIул цого жал такрар гьаричIого, гъалатIал ккезе риччачIого гьабизе кколеб хIалтIи бугин гьеб,-абун.

Данделъи ана гара-чIвариялъул къагIидаялъ. БутIруз кIалъаразе кьуна суалал, гьезие щвана чIванкъотIарал жавабалги.

ТIолгороссиялъул халкъалъул хъвай-хъвагIай гьабиялъул рахъалъ Федералияб законалда рекъон Россиялда гьеб байбихьизе буго 2020 соналъул I-30 октябралда. Гьелъ гьоркьоре рачине руго захIматго гурони нух бахъизе рес гьечIел бакIалгицин. Дагъистаналда гьеб дагьаб цебе байбихьизе буго; гьебго соналъул I-3I августалдасан.

## Тадбир тIобитIана



Араб анкьалда ГIашилтIа букIана 20I9 соналда гугариялъул рахъалъ дунялалъулго чемпион ГI. ГIабдулаевасул бергьенлъи баркун гIуцIараб рохалилаб дандеруссин. Гьенир гIахьаллъана гьезул хъизаналъул лъалел-хъвалел, политическиял хIаракатчагIи, районаздаса вакилзаби, гьудул-гьалмагъзаби, гIагарал. Гьезда гьоркьов вукIана ГIарипил тренер - Шамиль ГIалиевги.

Тадбир рагьана ва бачана общественнияб багъа-бачариялъул координатор, «РФялъул Президентасул нухалъул рахъ кколев» Шамсудин Аслахановас.

Гьениб чемпионасул цIаралда абуна гIемерал хинал рагIаби, гьесие гьарана жеги чIахIиял бергьенлъаби.

Тадбиралда ахIана мавлид, гьаруна садакъаби.

<u>ГIадан куцай: букIинесеб</u>

## Тарбия щвечIел нилъеего балагьлъун ратилародай?

**Гьаб макъала хъвазе дун тIамуна сверухъ бугеб лъикIаб гьечIеб ахIвал-хIалалъ.**

Гьале СССР биххаралдаса унеб буго 28-29 сон. Гьеб заманалда СССРалда гьорлъ рукIарал пачалихъазда киналго бутIабазда ккана ва кколел руго гIемерал хиса-басиял. Абиларо гIадамазул рукIа-рахъин, рес буголъи, хьвада-чIвади, культура цебеялде дандеккун квешлъанилан. Реццги щукруги Аллагьасе гьадинан нилъ хьихьарав. Кьун руго ресал, тун руго эркенго, амма абичIого гIоларо ресалде рачIанагIан адаб-хатир, гьудуллъи-гьалмагълъи, гIагарлъиялда гьоркьоб бухьен, гьуинлъи лъугIун уneб бугилан.

Телевизоралдасан, видеояздасан, телефоназдасан рихьизарулел руго щиб бокьаниги: квешабги, лъикIабги, бегьулебги бегьуларебги гьерсалги, ритIаралги, инжитабги-къабихIабги ва гь. ц. Гьелъ къо бахъанагIан цIикIкIунеб буго чIвай-хъвей, бикъа-хъами, хъахIбалъи, чороклъи, бугьтан-гъибат. Ахир-къадги рачIунел руго Аллагьасе гIибадат гьабиялде гурел, гIарцуе лагълъи гьабиялде. Дунялалъулго мисалалда рекъон гIарацалъ гьабулеб буго кинабго. Бечелъиялъ гьабизе жо тIагIарал олигархаз гьабулеб гIумро бихьараб мехалъ гIун бачIунеб гIелалда ракIалде кколеб буго щибго гIакъубаги бихьичIого жидецаго бечелъи тIалаб гьабилилан.

ГIорхъи гьечIеб жо щибго букIине бегьуларо, гьеб цIикIкIиндал чиясда жиндаго тIад кверщел гьабизе кIоларо. Гьелъ пашманал хIасиласдеги рачуна. Дие гьаниб тIадчIей гьабизе бокьун буго бихьаралда рагIаралда гуреб дидаго дандчIваралда. Гьале исана 4 сон буго дир нилъерго районалда бугеб «Сосна» лагералда хIалтIулев. Гьеб заманалда дун дандчIвана гIемерал батIи-батIиял районаздаса, шагьараздаса лъималгун. Гьеб лагералда хIухьбахъиялъе рачIарал лъималазе квеналдасан байбихьун, хутIарал шартIалги щиб хIажалъаниги чIезабун бугилан абуниги мекъи ккелин кколаро. Шагьаралдаса рукIа, районаздаса рукIа, нилъерго аниса рукIа лъималазухъ балагьараб мехалъ загьирлъула гьезулъ бессун гьечIеб адаб-хатир, цоцадехун лъикIаб бербалагьи, жавабчилъи, тIалабчилъи, цIуна-къай ва гь. ц., чара гьечIого нилъее хIажатабщинаб. Мисалалъе, лъим босизе цояв валагьизе гьавуни, гъос цогидав витIула, гъосги цогидав валагьизавун босун арав щив, бачIарав щивали лъалареб куц лъугьуна. Гьеб кинабго буго тарбияги кьун гIадан куцаялда тIад нилъ ракI унтун хIалтIулел гьечIолъиялъул хIасил.

Рокъоб эбел-инсуцаги, ясли-ахикьги, школалдаги унго-унгояб тарбия кьолеб букIарабани гьедин ккезе рес букIинчIо. Кидагоялдасаги гьанже хIажат буго цIалиялда тIад гуреб, тарбияги кьун инсан куцаялда тIад хIалтIизе. Гьеб хIалтIи нилъеца тIаса-масаго тани, нилъеца малъ ба-леб бакIалдаса гьеб борчIизе рес буго. Чара гьечIого хIажат буго гIолилазда, чIахIиязда, руччабазда гьоркьоб батIа-батIаго тарбия кьеялъул данделъаби тIоритIизе. Телефонал къакъалел рукIинчIого, гьединал данделъаби тIоритIани, рес кьезе буго гIун бачIунеб гIел куцаялъе. Райадминистрациялъги, росабазул бутIрузги, лъай кьеялъул отделалъги, гIолилазул комитеталъги, руччабазул Советалъги гьеб суал кодохъ, босани тарбия кьей цебехун инаан. Аллагьас къуват кьеги нилъее нафсги квегьун, иманги щула гьабун, адаб-хатирги цIунун тарбия кьейги гIадахъ босун церехун рилъине.

**С. МУХIАМАДОВ,**
**ЗахIматалъул ветеран.**

Школал - цIияб цIалул соналде

## Унел руго хал гьарияl



ЦIияб цIалул соналде районалъул росабазул цо-цо школал хIадури унеб бугеб куцалъул хал гьабуна дагьал церегIан къоязда бетIерасул зам. М. ХIасановалъ. Щвана Рихьуни, Майданское ва ГьаракIуни росабалъе. Гьелда цадахъ рукIана районалъул лъай кьеялъул отделалъул нач. Л. МухIамадгIалиев, ГО ЧС, гьединго МРалъул отделалъул нач. М. ГIабдулаев ва СМИялъул вакил.

Балагьана школазул классазухъ, гьезул комплектациязухъ, терроризмалдаса ва цIа ккеялдаса цIуниялъул рахъалъ бугел ресазухъ, тIадчIун балагьана кванил блокалъухъ; столоваялдагун кухнялда бугеб оборудованиялъул бугеб х1алалъухъ ва ремонталъул качествалъухъ.

Халгьабиялъул хIасилал гьарулаго М. ХIасановалъ школалъул нухмалъулезда лъазабуна ремонталъул рахъалъ щивав нухмалъулев живго жавабияв вугин, гьединго школал цIияб цIалул соналде хIадури цIарал болжалазда рагIалде рахъине ккол ин.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 36 (7385)
Хамиз
22 Август 2019 сон

3 гьумер

# Садовод

Страница в номере



Прокуратура сообщает!

## Преступление и наказание

Унцукульским районным судом Республики Дагестан 01.08.2019 года рассмотрено уголовное дело по обвинению Г. в совершении преступления, предусмотренного ч.3 ст.159 УК РФ.

Судом установлено, что Г., работая с 05.11.2003 года в ООО «Вихрь» на должности доставщика пенсий и единовременной денежной выплаты, в период с сентября 2014 года по январь 2017 года, выполняя свои функциональные обязанности, ежемесячно осуществляла доставку и выдачу страховых пенсионных выплат по старости и за уход, проживающим на территории обслуживаемого ею участка в с. Ирганай Унцукульского района Республики Дагестан гражданам на дому, в том числе и пенсионерке А. 25.08.2014 года гражданка А. умерла естественной смертью, однако Г. заведомо зная, что А. умерла, при этом, будучи обязанной возвращать в кассу ООО «Вихрь» денежные средства, назначенные А. в качестве пенсии, скрыв факт смерти последней от сотрудников государственного учреждения – отделения ПФР по РД в Унцукульском районе, с целью хищения денежных средства бюджета ПФР путем обмана, с использованием своего служебного положения и из корыстных побуждений, не возвратив в кассу указанные денежные средства, ежемесячно подделывая подписи в поручениях на доставку пенсии А. в период времени с августа 2014 года по январь 2017 года включительно, похитила денежные средства – трудовая пенсия по старости в сумме 381 тыс. рублей, пенсия по уходу за пенсионером в размере 34 тыс. рублей и единовременные разовые выплаты в замере 12 тыс. рублей, начисленные на имя А.

Похищенные денежные средства в общей сумме 427 тыс. рублей Г. потратила на свои личные нужды при неустановленных следствием обстоятельствах.

Приговором Унцукульского районного суда от 01.08.2019, в соответствии с позицией прокурора Унцукульского района, Г. признана виновной в совершении преступления, предусмотренного ч.3 ст.159 УК РФ и ей назначено наказание в виде 2 лет лишения свободы условно с испытательным сроком 1 год, приговор вступил в законную силу.

Принятыми мерами обеспечено полное возмещение ущерба причиненного преступлением.

## Что знают о имаме Шамиле арабы



Про имама Шамиля знают практически все в нашей стране. Одни относятся к нему с пиететом, восторгаются, другие возмущаются его действия. Недавно старый спор возобновился со слов президента Чечни Кадырова, который обвинил имама в геноциде чеченского народа. Прав он или не прав, история покажет.

Сейчас же хотелось поговорить о другом – о том, как относятся обычные мусульмане к имаму в других странах, в частности в Эмиратах. В первую очередь проверим запросы арабского мира по данному вопросу и вот что выдает арабский гугл: «Имам Шамиль аль-Дагестани», «Имам Шамиль Басаев», «Имам Шамиль-лев Кавказа». Эти запросы про имама Шамиля являются самыми популярными у арабов.

Как видно из этого, арабы путают двух Шамилей – имама и Басаева. Хотя последний и не имел звания имама.

Вот ролик из YouTube, где молодой араб рассказывает различие между двумя Шамилями: «Разница между имамом Шамилем аль-Дагестани и Шамилем Басаевым такая: этот русский, а тот - чеченец».

Если коротко, то он рассказывает как «русский» Шамиль воевал (внимание) против «советского вторжения в кавказское государство».

В книге же саудского ученого, доктора Мухаммада Муссы аль-Шарифа, имам Шамиль назван дагестанским моджахедом, который защищал свой народ от притеснений и унижений со стороны русских. А его пленение объясняет многочисленностью русского войска и тем, что имама предали дагестанские и черкесские амиры.

Также египетский телеканал «Хорошая жизнь» посветил имаму Шамилю целую программу «Всадник исламской общины». Там тоже рассказывается, как он воевал с «русскими коммунистами», которые занимались геноцидом населения Кавказа. Это подвигло имама поднять народы Кавказа на джихад.

Но самые интересные публикации в арабоязычной Википедии. В ней чеченцы указываются только союзниками, наравне с адыгами. И никакого упоминания о том, что имамом Дагестана и Чечни Шамиля провозгласили именно чеченцы, что его резиденция как главы имамата была в Ведено (Чечня). И ничего более.

## О государственной программе РД «Социально-экономическое развитие горных территорий Республики Дагестан»

В целях улучшения социально-экономического положения, повышения качества и благосостояния жизни населения, обеспечения устойчивого экономического роста горных территорий Дагестана, в республике реализуется Государственная программа РД «Социально-экономическое развитие горных территорий Республики Дагестан» (далее - госпрограмма).

В республиканском бюджете РД на 2019 год для реализации мероприятий госпрограммы предусмотрены средства в размере 80,0 млн. руб., которые планируется направить на возмещение фактически понесенных затрат (субсидии) на:

1. Строительство малогабаритных теплиц.
2. Строительство логистических (оптово-распределительных) центров хранения продукции (овощехранилища, фруктохранилища).
3. Реализация инвестиционных проектов по созданию гибких современных мини - перерабатывающих производств (переработка мяса, молока, фруктов, овощей и т.д.).
4. Создание предприятий по производству промышленной продукции, в том числе строительных материалов (карьеры, производство щебня, мебельные цеха, оконные производства и т.д.).

Субсидии предоставляются юридическим лицам и индивидуальным предпринимателям, зарегистрированным и осуществляющим хозяйственную деятельность в горных территориях Республики Дагестан.

Условием участия в конкурсном отборе, помимо отнесения объекта к указанным выше направлениям, является расположение инвестиционного проекта на высоте более 500 метров над уровнем моря (то есть в горных территориях). Объект должен быть введен в эксплуатацию в текущем или предыдущем году.

С победителями конкурса будет заключено соглашение сроком на три года (о создании рабочих мест, производстве, мощностях хранения и переработки продукции).

В рамках программы предусмотрено субсидирование 50,0% затрат на приобретение оборудования для создания гибких мини-перерабатывающих производств и предприятий по производству промышленной продукции, в том числе строительных материалов, а также на строительство малогабаритных тепличных комплексов и логистических (оптово-распределительных) центров хранения, предпродажной подготовки и реализации продукции (но не более 2 млн. рублей для теплиц и не более 3 млн. рублей по остальным направлениям).

Прием документов для оказания государственной поддержки будет, осуществляется, в том числе через Многофункциональные центры предоставления государственных и муниципальных услуг, расположенные в муниципалитетах, в период с 1 октября по 1 ноября текущего года.

Министерство экономики и территориального развития РД приглашает стать участником госпрограммы товаропроизводителей горных районов Дагестана, представив свои заявки в Минэкономразвития РД, в установленные госпрограммой сроки.

Заинтересованные лица могут обратиться в Минэкономразвития РД по адресу: **ул. Абубакарова, д.67, или по тел. 67-20-10.**

**По данному вопросу обратиться в экономический отдел райадминистрации.**

## Объявления

Уважаемые жители Унцукульского района!

В Республике Дагестан, насчитывается 141 населенный пункт (в 26 районах), который технически не имеет возможности принимать телевизионный сигнал в цифровом формате. В условиях, когда не существует технической возможности приема цифрового вещания, но существует возможность приема спутникового сигнала, Минкомсвязь России, совместно с компаниями «Триколор» и «НТВ+» предлагает разработанный единый пакет предложений для абонентов с фиксированной стоимостью оборудования (приставка и тарелка) и без абонентской платы за услуги (на весь период пользования оборудованием). Пакет действует для всех регионов РФ. Цена комплекта оборудования составляет без установки 4500 рублей.

По всем вопросам обращаться по тел.: **8 960 407 34 43**

* * *

Прием заявлений напредоставление субсидии инвалидам на приобретение жилья продлен до 1 сентября.

Постановлением Правительства Республики Дагестан @pravitelstvo_rd от 5 июля 2019 года №156 внесены изменения в порядок предоставления субсидий на оказание содействия в обеспечении жильем отдельных категорий граждан

Внесенные изменения:
- продление сроков приема заявлений до 1 сентября;
- возможность использования средств материнского капитала;
- уточнение состава семьи инвалида I группы;
- определение первичного рынка недвижимости;



М-Н. ИБРАГЬИМОВ.

«АхIулгохIил рагъ лъугIун - 180 сон»

# «АхIулгохIда ахирисеб хоб»

*(Авал арал номеразда)*

Бакъаникак балелъул рукIинчIо какги бухьун эхетун чIарал гIадамал. ГIурус рагъухъабаз тIаде гъужум гьабиялда хIинкъи бокьараб рахъалдасан букIиналъ, как базе рачIаразул бащадал чIана имамасда хадур как бухьаралги цIунун. КIиго ракагIатги бан гьел нахъе рахъаралго, рекерун рачIун, хутIаразги имамасда хадуб как бана. Цере рукIарал чIана гьелги цIунун.

Какал рарал рагъизе лъугьиндал, рагъулел рукIаразги рана гьебго тартибалда какал. Гьезие бетIерлъи ЧIикIаса Ражабил МухIамадица гьабуна.

Цо-цоккун АхIулгохIил минаби рахъулел рукIарал тушбабазда тIубараб къоялъ кIвечIо доб кьурул рагIалда эхетараб ва бахIарчиял гъазизабаз цIунун букIараб кIитIалаяб си бахъизе. МаркIачIул гIужалда гучаб гьаракьги бахъун, гьаваялде щущан ана доб си. ТIубараб къо инегIан къачIадарал тушбабазда ахирги бажарана гьелда гьоркь гIемераб тункIихер лъун, гьоркь букIараб кьуругун цадахъ гьеб кьвагьизабизе. Гучаб кьвагьиялъ кьуруги, сиги, жанир рукIарал бахIарзалги, сверухъ рукIарал гIурусалги магIарулалги щущахъ рихххизаруна. Цадахъго шагьидлъана гьеб си цIунаралги.

ЛъугIи гьечIого гохIде гьунун рачIунел дандиял ккун бажарулеб хIал хутIичIо. Канлъи рукIкIиналде тушбабаз бахъана гохIил цебесеб, жидедаго гIагарда букIараб бутIа. Тушбаби гIемер гъуриялъ гъуждул гьорон рукIана чIаго хутIарал магIарулазул. Рихьуниса Билал МухIамадица гьеб къоялда жаниб нусго чи чIванилан букIана гохIда хутIаразда жаниб хабар. Свакан, рахъун чIезе кIвеялдаса ун рукIана руччаби. Ракъи-къечалъ тамахлъун ккун рукIана лъимал. Тату хун вукIана имамги. Бица белъун, жаназабаз бацун букIана АхIулгохI. Дандиязулги букIинчIо тIокIалъ церехун ун бажарулеб хIал. Нахъехунги гьезие нух букIинчIо. Щварал бакIазда рогье сордоян букIана гьезие буюрухъ. БецIлъидал рагъ къотIизе тана.

Пайдаяб малъи

# Венабазе – помидор

**(Варикознияб бидурихьал гIатIилъи сах гьабизе бегьула рукъалъул шартIазда)**

* ЦIакъго гьорон чIарал венабазе, къвакIарал бляшкаби лъугьун хадуб кумек гьабула гIурччинаб помидоралъ. Горал гьарун къотIе



гьеб ва венабазда тIад лъе, эластическияб бинталъги бухьун къан тIад те. Гьедин сах гьаризе ккола бащдаб лъагIалица, амма хIасил кьола.

*Гьедин пунцIун чIарал венабазда лъе цIияб помидоралъул кускул. ЦIакъго букарулеб гIадаб асар лъугьани, нахъе рахъе. Щибаб къойил гьабе гьеб процедура. Гьелда цадахъ гьекъезе ккола цветочнияб пыльцаги, ½ чай гьуд, кIиго лъабго нухалъ къойида жаниб. Гьедин гьабила 6-7 анкьалъ.

* ГIисин гьабе хмелалъул шишкаялъул I кIудияб гьуд, тIаде тIе цо стакан гьалараб лъим, лъадал ванаялъуб I5 минуталъ те. ЦIорозе те, цIуй, I стакан къойида жаниб лъабго нухалъ гьекъе. Щибаб нухалъ цIияб гьабуни лъикIаб букIуна.

* Эмалированнияб хьагиниб чура-ххулун лъе лъабго гIеч, цо литр гьалараб лъел тIе гьелда тIаде, хIухьел бачIинаредухъ тIад хам чIван те 3 сагIаталъ. Хадуб гIеч ччухIе, гьелъул лъугьараб лъамалъи гьекъе ¼ стакан гьоцIогун цадахъ. Гьелъ лъикIлъизабула би хьвади, рукIалиде ккезабула аппетит.

* Теркаялда хачай лъабго чурараб картошка ва гьелъул пюре бахе бидурихьазда, полиэтиленалъ къай, 4 сагIаталдасан чуре. Унти уна гIемер гьедин гьабуни, гьорорал венаби чучула, хIалуцин уна.



* ТIубараб ражидул бетIер гIисин гьабе (гьеб букIине ккола цIияб, хъахIаб кьералъул) ва рижарал жалазул нахулъ жубазабе. Лъугьараб лъамалъи лъе унтарал венабазда, тIад жо къай ва къасе тIад те. Радал тIаса бахъе, хинаб лъеца чуре, гьеб къоялъ тIад ретIе квасул носкиял.

ЦIодорлъи гьабе!

# Кинал рахунел унтаби «ричулел» къватIул квенабазда цадахъ

**Сальмонеллез ва захIматал чехь-бакьазул унтаби (нилъеца гьелда абула «отравить гьаруна»,-ян), риххел ва гепатит А – гьеле гьел руго качество гьечIеб, чорокаб кванидасан ва лъедасан щвезе рес бугел унтаби.**

Роспотребнадзоралдасан лъазабуна: бищунго гьел унтабаз унтизе рес бугин нухазда рукIунел, жанир гигиеналъе шартIал гьечIел кафеязда, бакI-бакIазда къватIазда рукIунел квеназ. Гьенир рукIунаро кверал чуризе батIаго лъурал раковинал.

СШАялда бокьараб ресторан-кафеязда чIван букIуна туалетазде ун хадуб персоналалъ кверал чурула,-ян. Гьелъги гIадамазда ракIалде щвезабула зама-заманалдасан кверал чуризе ккеялъул. Кир чурулел ратилел кверал шаурмаби, хот-догаби гьарулез? Гьелъ рес буго салмонеллезалъ гIемерал гIадамал унтиялъе.



Гьеб бахиналъе цогидаб рахъ ккола хехго холел продуктаби ва чорокаб лъим. БухIараб риидал унтаби рижизарулел микробал гIемерлъула. Кинха гьелдаса нилъго цIунилел? Гьеб захIматаб суал кколаро. Аслияблъун ккола кодобе щвараб щинаб жо кIалдиб чIвачIого, гьелъул букIине рес бугел рахъазда тIад ургъи ва кваналелда цебе гIемер сапун бахун кверал чури. Хехго холел продуктабазул квен хIадуризе ккола хехго. Цебе ккараб бакIалдаса босараб рахь гьебсагIатго гьализабе. Базаразда продуктабазул хал гьаби чIезабун букIуна, амма къватIахъа росулел продуктабаз кинабго хвезабизе рес буго. Тукабаздаса босулагоги хал гьабе гьелъул заман ун бугищали: лъикIго чуре росарал бахчабазул продуктаби ва пихъал.

Гьан бежизе ккола 85-90 градус багIари жанибе кколедухъ. Гьедин гурони холаро хIинкъи бугел микроорганизмал. Гьединго кIиго сагIаталъ цIунуларо хIадурараб квен рокъоб. Гьеб лъезе ккола холодильникалъуб. Гьединго жура-гъуран цIунизе бегьуларо продуктаби, овощал. Гьезие жиде-жидер батIаго лъолел контейнерал рукIине ккола.

Ахирисеб гIакълу: кIванагIан гIемер чуризе ккола кверал, гьекъезе ккола гIицIго бацIцIадаб лъим, цIодорго рукIине ккола кIалдибе чорокаб лъим инчIого букIине тIабигIиял хIорахъ чвердолаго. РацIцIалъи цIуниялъ цIунула нуж гьеб унтиялдаса.

## Лъазе лъикIаб буго

Гьоркьа хIатIалги хIатIазул угьдулги кьватI-кьватIун лъугьун, рилъанхъизе квал-квал бугони, гьелъие буго цо гIадатияб дару.

Босила глицерин ва къанцIа (уксус). Аптекаялдаса босулеб глицеринаялъул шиша цIураб букIунарелъул, цIезегIан гьелда тIаде тIела уксус ва лъикIго жубазабила.

Радал тIаде рахъарабго лъеб лъамалъи бахуна гьоркьхIатIазда, угьдузда, хьачIлъичIого букIинелъун хIатIихинкIазул малъазда. Хадур ретIина щватаби. Нуж кванан рахъинегIан, рукъалъул гIиси-бикьинаб пиша гьабун лъугIизегIан, уксус хIалтIулеб букIуна. БитIахъе кIиго-лъабго къоялда хIатIазда бугеб кьватIел данде уна, хIатIазул хъал цIвакуна.

**Газета основана 1937 г.**
**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**
**Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**
**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**
**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 22.08.19 г. 16:25
фактически -16:40 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.